



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ASIRE DEKLARASYON GWO KATASTWÒF PREZIDAN BIDEN POU KOMINOTE YO MOVE TAN TE ANDOMAJE NAN 18-19 OUT

Deklarasyon an bay Asistans Federal nan ka gwo katastwòf pou Konte Suffolk, Oswego ak Lewis

New York te akòde tou aksè ak pwogram sibvansyon FEMA pou Diminasyon Danje pou sipòte mezi alontèm pou diminye pèt lavi ak pwoteje pwopriyete

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Prezidan Biden te apwouve demann li pou yon Deklarasyon Gwo katastwòf pou bay asistans federal a kominote yo move tan te afekte 18-19 out. Deklarasyon sa a pèmèt asistans finansye federal pou sipòte efò rekonstriksyon enfrastrikti piblik nan konte Suffolk, Oswego, ak Lewis. Pandan Eta a ap tann desizyon Prezidan an sou sipò dirèk pou pwopriyete kay yo, n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou ede sa yo move tan ete sa a te afekte.

"Move tan 18 ak 19 out la te lakòz gwo domaj atravè kèk pati nan eta nou an, epi mwen rekonesan anvè Prezidan Biden ki te apwouve demann Deklarasyon Gwo katastwòf mwen an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral kontinye travay ak FEMA pou asire moun ki afekte yo resevwa finansman enpòtan yo bezwen pou kòmanse pwosesis rekiperasyon ak rekonstwiksyon an."

Yon deklarasyon gwo katastwòf asire asistans finansye gouvènman federal la, sitou nan [Pwogram Asistans Piblik FEMA a](#) (FEMA's Public Assistance Program), pou bay finansman pou gouvènman lokal yo ak òganizasyon a bi non likratif ki kalifye pou retire debri, mezi pwoteksyon, ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti, ki gen ladan wout, pon, dlo ak enstalasyon tretman dlo ize, sit enfrastrikti enpòtan, lekòl, pak ak lòt etablisman yo.

Kòm yon pati nan deklarasyon an, New York te akòde tou aksè ak Pwogram Sibvansyon FEMA pou Diminasyon Danje yo (Hazard Mitigation Grant Programs). Apre Prezidan an fin fè yon deklarasyon katastwòf, FEMA bay lajan pou eta yo kapab administre pwogram sibvansyon ki soutni planifikasyon diminyonsyon risk lokal ak mezi diminasyon risk alontèm pou redwi kantite moun ki mouri ak pou amelyore pwopriyete ki andomaje pa katastwòf natirèl yo. Gouvènman lokal yo ak kèk òganizasyon san bi likratif ki okipe fonksyon ki sanble ak gouvènman yo elijib pou aplike

pou sibvansyon sa yo. Tout konte nan Eta a pral gen kapasite pou aplike pou finansman sa a. Plis enfòmasyon pral disponib nan mwa kap vini yo.

Deklarasyon sa a bati sou yon kantite efò Gouvènè a deplwaye pou ede kominote ki afekte yo rekipere. Nan dat 23 out, Gouvènè Hochul te deklare yon Eta Ijans epi anonse asistans ijans pou sipòte pwopriyetè kay ki te afekte nan inondasyon rapid chit lapli rekò a te lakòz. Anba direksyon Gouvènè Hochul, biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) New York te lanse yon pwogram reparasyon ijans ki t ap bay sibvansyon 50,000 dola pou pwopriyetè kay ki elijib yo nan Konte Nassau ak Suffolk. Konte Lewis te jwenn aksè nan pwogram sa a, ansanm ak prè a fèb enterè ki soti nan Small Business Administration Ameriken, apre move tan ekstrèm nan kòmansman ete sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)